

MATERI MACA GEGURITAN SD/MI SEDERAJAT

Geguritan I

TAWON

Dening: Dinar Winasti Sumiatsih

Ngalor ngidul ngetan ngulon
mabur saparan-paran
aku kepengin menclok
gawe omah kanggo mapan
 ngapa ta, aku dianggep ala?
 apa merga aku duwe entup?
 kamangka iki gamanku
 takanggo yen kepeksa
aku bisa ngasilake madu
kang legi ing rasa
bisa kanggo tamba
maneka warna lelara

Geguritan II

JEDHING RESIK

Dening: Kingkin Winanti Nurdiana

Wayah esuk aku mlebu jedhing
gebyur banyu sing wening
ambu sabun nguripake rasa tentrem
ambyur alon ngrasakake adhem ayem

sanajan mung jedhing cilik prasaja
njalari sukma lega ing dhadha
praupan bungah ngilangake susah
rereged awak sirna musna
jedhing ora mung gawe raga resik
bisa nglerem pikir dadi becik

ing sajroning jedhing mburi
ngrasakake larasing banyu mili
esuk iki aku siyaga ngadhepi
urip sing kebak pesthi

MATERI MACA GEGURITAN SMP/MTs SEDERAJAT

Geguritan I

CUPU MANIK ASTAGINA

Déning: GM. Sigit Nurcahyanto Adhi

Ing pertapan Grastina
Dèwi Anjani nedheng suka-suka
klawan cupu manik Astagina

cupu manik paringané Jawata
punjer padudon
sajroné kulawarga

barang sepélé
kang bisa nyeksèni donya
kaca benggala
kanggo manungsa

nanging,
jiwa ora pana,
rebut barang melok
srèi
drengki
nyangga rasa mélik

datasawala
mburu gegayuhan pribadi
sedulur dadi satru
padudon amurwakani
pungkasan lebur
ing sendhang malih warna

wadhag sirna
murka manjing salin salira
Guwarsa-Guwarsi-Anjani
asuryan wanara
gambar manungsa
angumbar hawa

Yogyakarta, 2024

Geguritan II

BALADA ENDHOG CEPLOK

Déning: Triwik Damarjati

Kanca mangertia
sajènku saben ésuk
sanguku mangkat sekolah
 nalika kawanen wektu ora kecongah
 ibuku sat-set nyepakké lawuh
 digorèng lenga sithik
 kawur-wuri uyah sajuprit
 kadhangkala dikecruti kécap
 kalamangsa digeprèkké bawang
 muncrat lenga mletiki asta
srang-srèng endhog kagorèng
kaceploka katambahan moto
kasigar kapara loro
iki didum karo kangmasé
ibu endi endhogé aku selak luwé?
 sampun diparo kaya winginé
 éling sedulur, aja golèk menangé dhéwé

Kapethik saking Antologi Geguritan 'Potelod Limang Sènti'
Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY 2025

MATERI MACA GEGURITAN SMA/SMK/MA SEDERAJAT

Geguritan I

NGLALI

Déning: Asti Pradnya Ratri

Ana sidhang ing alas growang
pasartané wiwit semut nganti gajah gendhut
nanging kahanan owah saka padatan
kabèh kang teka sinambi memangan
tan ana kang lentuk-lentuk ngantuk
swara pating krauk, pating klethik
 ing mimbar...
 ula kawak cingak nyawang kéwan pating slebar
 arep diwiwiti kabèh isih mangan sambu sesumbar
 golèk palu kayu ora nemu
 anané kari wesi lan paku kang ora payu
si singa lakuné kaya macan luwé
awèh panyaruwé:
ingkang sinuwun pimpinan sidhang
sedaya kéwan kala dalu sami begadhang
menawi siyang wayahipun madhang
wau dalu pidamelanipun mburu
wirog, clurut ingkang lemu-lemu
amargi sami nguntal palu kayu
kagungan panjenengan wau
 ula kawak katon cawak:
 banjur apa kang dipangan para kéwan,
 kok aku ora keduman?
ujaré singa:
ketiwasan paduka
wirog lan clurut ingkang binasa
dados rayahan para kéwan kawula
menika ugi ingkang njalari duhkita
sami amnesia kanggé marak séba
 ula kawak njerit, sajak kelaran;
 waduh, aku kélangan cekelan!

Resareso, 3 Maret 2015

Kapethik saking Antologi Geguritan Sèrèndipiti Astabrata 2019

MATERI MACA GEGURITAN SMA/SMK/MA SEDERAJAT

Geguritan II

PÉTRUK NYEKUKRUK

Déning: Rr. Yènnny Listyana Idhawati

Bebedan jarik kambil sacukil
Pétruk njogèd kethuwal-kethuwil
bungahé dikatonaké mikat kowé sing anteng nyawang hapé

Suwe banget jogèdané
nganti kemringet awaké
nganti meles jariké
nganti suda bungahé
malih pringisan rainé
kowé tetep jenak nyawang hapé

ora kepikat, ora kepikut
ora kober nguwongaké

Pétruk salin jarik kawung
gandhang swarané manggung
nembangaké tembung-tembung
ngélingaké kowé sing methentheng dolanan hapé

Pirang-pirang pada cakepan dirampungaké
nganti megap-megap ambegané
nganti kendho sabuké nganti ilang bungahé
malih mencereng mripaté
kowé tetep tumungkul menthelengi hapé
ora krasa, ora rumangsa
ora gelem nggatèkaké

Pétruk salin krubutan sarung
ndhéprok nyekukruk bingung
ngelu sirahé nggregesi awaké
kebanteren mikiré
piyé carané nyapih kowé saka hapé

Kapethik saking Antologi Geguritan 'Potelod Limang Sènti'
Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY 2025